

Sipò pou konpòtman pandan aprantisaj adistans (Behavior Supports During Remote Learning) **Konsèy pou Fanmi ak Moun k ap pran swen Timoun (Guidance for Families and Caregivers)**

Orijin/Objektif

Konsèy sa a espesifik pou peryòd tan kote y ap angaje elèv yo nan aprantisaj adistans la poutèt Kowona Viris la (KOVID-19). Anpil paran ap chèche èd pou kontinye sipò pou konpòtman pou kontwole konpòtman difisil lakay pandan tan aprantisaj adistans lan. Objektif konsèy yo bay nan dokiman sa a se pou ede paran ak moun k ap pran swen timoun yo kreye yon anviwonman aprantisaj sennesòf, pwodiktif kote moun k ap pran swen timoun ak elèv lan k ap kolabore.

Sipòte bon konpòtman pozitif lakay pandan aprantisaj adistans

Kòm paran ak moun k ap pran swen timoun yo, nou dwe konsidere fason chanjman sa yo fè enpak sou aprantisaj elèv yo, tankou enkyetid ak anksyete konsènan KOVID-19, sante ak byennèt manm fanmi, ak gwo chanjman nan tout woutin yo. Nou ka santi nou kraze anpil avèk tout chanjman sa yo nan pwòp vi nou pandan n ap fè fas avèk gwo difikilte pou jere ak sipòte aprantisaj timoun nou yo. Sonje pou pasyan ak senpatik avèk timoun nou yo ansanm ak tèt nou, pandan pwofesè, para, ak founisè sèvis ki ede avèk edikasyon espesyal (Related Services) ap travay ansanm pou sipòte aprantisaj pitit ou a.

Pitit ou a ka gen yon plan entèvansyon sou konduit (Behavior Intervention Plan, BIP), baze sou done yo te kolekte lè elèv yo te fizikman nan lekòl. Fanmi yo dwe mande aksè ak BIP pitit yo nan men pwofesè a si yo poko gen enfòmasyon sa yo. Li enpòtan pou sonje konpòtman difisil elèv yo genyen pandan yo lakay ka parèt diferan nèt pase nan lekòl la, lè w konsidere gwo chanjman nan anviwonman aprantisaj la soti lekòl pou lakay. Ou ta dwe kontinye travay avèk ekip lekòl la pou sipòte aprantisaj pitit ou, pwogrese nan atenn objektif IEP, epi adrese konpòtman difisil. Pitit ou a pa bezwen gen yon BIP pou benefisyè sipò yo dekri nan dokiman sa a.

Yon Apwoach Ekip: Kòman Fanmi ak Lekòl yo rete Konekte

Chèche sipò nan men pwofesè aktyèl, para, ak/oswa founisè Sèvis ki ede avèk edikasyon espesyal pitit ou yo jan sa apwopriye. Pwofesè ak para ka kominike avèk ou ansanm avèk pitit ou a nan telefòn ak/oswa konferans videyo. Pataje avèk estaf lekòl la sa woutin chak jou an ak estrikti lakay la ye, tankou sa k ap ale byen lakay, ak sa ki ka entèfere avèk aprantisaj adistans lan. Pandan konvèsasyon sa yo, poze kesyon konsènan abitud aprantisaj adistans lan, woutin prefere, sa li renmen, sa li pa renmen, ansanm avèk ki sipò ki te travay byen nan lekòl la. Mande pwofesè ak/oswa para pitit ou a fason pou enplemante sipò similè ak entèvansyon lakay. Pwograme kontak kominikasyon regilye avèk pwofesè elèv ou yo pou eksplike pwogrè k ap fèt lakay.

Zouti ak estrateji pou sipòte konpòtman pandan aprantisaj adistans

Nan pale avèk pwofesè, para ak lòt founisè k ap bay pitit ou a sèvis, kreye yon plan sipò pou konpòtman pou aprantisaj adistans pitit ou a. Konpòtman yo ka kominike yon bezwen oswa yon fonksyon ki la pa anba, epi yo ka di nou sa yon timoun vle oswa pa vle nan yon sikonstans done. Kòm sikonstans yo ap chanje, konpòtman yo ka chanje tou. Kidonk, sipò ak entèvansyon ki te itil nan lekòl ka bezwen ajiste oswa chanje pou sipòte nouvo anviwonman aprantisaj lakay la. Sa ki enpòtan an se eseye obsève lè pitit ou a motive pou angaje nan aprantisaj adistans lan, ak lè li fristre oswa pap fè travay li. Pwofesè pitit ou a ka sipòte w nan kolekte enfòmasyon konsènan si entèvansyon yo chwazi a apwopriye ak ajiste l si nesesè.

- Kreye yon orè estriktire woutin chak jou nan tout jounen an (woutin konsistan chak maten, pandan jounen lekòl aprantisaj adistans lan, ansanm avèk apremidi ak aswè). Mete tout fanmi w ladan pou kreye orè sa yo, ak afiche yo nan zòn vizib (tankou sou frijidè oswa nan espas komen yo).

- Kèk elèv ka bezwen poz souvan pou yo ka rete fokis nan fè travay yo, konsidere mete yon orè ki bay poz konsa elèv la ap konnen li ka kontinye pran poz ak sa li ka fè nan poz sa yo tankou bay chwa akseptab, konsidere poz pou fè mouvman.
- Atant ki reyèl ak ki apwopriye avèk laj pitit ou enpòtan anpil. Sonje pitit ou a inik epi li gen pwòp estil aprantisaj ak pwòp bezwen li. Konsidere laj pitit ou; anpil elèv gen difikilte chita pou leson, espesyalman pandan aprantisaj adistans lan. Timoun ki pi piti yo ka bezwen yon poz pou detire, oswa fè aktivite avèk men yo pou siplemante aprantisaj la, tandiske elèv ki pi gran yo ka bezwen entèaksyon ant kanmarad. Pou elèv lekòl presegondè ak segondè, mond kamarad/sosyal la enpòtan anpil nan aprantisaj yo, konsidere opòtinite pou yo fè entèaksyon vityèl an sekirite avèk kamarad yo.
- Pale avèk pwofesè aktyèl pitit ou a konsènan aktyèl jesyon bezwen nan IEP, tankou siyal ak alèt (tankou vèbal oswa vizyèl, kontarebou, kwonomèt).
 - Pou eksplikasyon ak egzanp Tablo avan/apre, gade apendiks.
 - Pou eksplikasyon ak egzanp orè vizyèl ak woutin, gade apendiks.
- Divize devwa yo an plizyè ti pati pou pitit ou a se yon estrateji pwofesè yo itilize pou redui fristrasyon pou elèv ak sipòte siksè yo. Si devwa yo gen plizyè pati, fikse yon objektif pou pitit ou a fè yon pati nan devwa a, ba li tan pou pwosès enfòmasyon an ak fòmile yon repons, epi ba li yon eksplikasyon klè. Yon lòt fwa, toujou pale avèk pwofesè, para ak founisè k ap bay pitit ou a sèvis.
- Si pitit ou a kòmanse konpòte l mal (tankou pèdi kontwòl, rele, fristre, fème/rete apa), ba li tan pou l reprann kontwòl, ba li tan ak espas pou li vin trankil. Reflechi sou entèaksyon w, itilize yon ton net, vwa kalm, san pote jijman. Lè pitit ou a ap angaje ak patisipe nan aktivite, sonje pou felisite li, espesifikman konsènan devwa ak konpòtman kou gen opòtinite. Ankouraje pitit ou pou fè bon bagay, oswa “pou li bon.” Konsistans enpòtan.
- Lè w ap ofri chwa, limite chwa yo an kantite ki akseptab pou ou. Sa a ka ede w redui lit pouvwa nan bay timoun yo yon sans kontwòl. Paegzanp, si w vle pitit ou a netwaye chanm li, ou ba li yon chwa sou sa pou li ranje an premye ak felisite l oswa ba li rekonpans poutèt li fè travay la.
- Rete kalm – Anplis pou bay pitit ou an modèl metriz, sa a pral ranfòse nou prale nan rezoud pwoblèm ansanm. Menmsi ou bezwen gen konsekans pou konpòtman pitit ou, sa ta dwe fèt nan yon fason pozitif ki raple w konpòtman apwopriye ou ta renmen wè.
- Pandan tan sa a, sonje pou pratike swen pèsònèl ak pou janti ak tèt ou. Si aprantisaj la pa te byen fèt jodi a, konsantre sou sa ki te byen fèt. (Wi, kèk bagay byen pase! Menmsi li pa parèt konsa.) Demen se yon lòt jou pou eseye ankò oswa fè yon chanjman. Itilize ekip k ap sipòte w ak pitit ou a, kontakte pwofesè, para, ak founisè Sèvis ki ede avèk edikasyon espesyal pitit ou a pou ide ak sipò.

Resous pou Paran Sipòte Enstriksyon Adistans

Sipleman Resous Lakay pou Sipòte Enstriksyon Adistans

Tablo Avan/Apre

Itilize: Yon tablo avan/apre se yon sipò vizyèl yo itilize pou kominike sekans nan 2 travay. Tablo avan/apre ka itil nan separe yon devwa difisil ak motive pitit ou pou fè yon travay ke l mwens prefere (tankou devwa akademik oswa lòt travay) lè w konnen yon aktivite li prefere oswa rekonpans ap vini apre.


Kisa yon Tablo avan/apre ye?

Yon tablo avan/apre se yon senp eleman vizyèl yo itilize pou kominike yon orè. Yo ka itilize yon tablo avan/apre pou ede timoun ranpli yon aktivite. “Avan ” an se yon aktivite ke timoun lan pa renmen fè oswa travay ou mande pitit ou an fè a. “Apre” a se yon aktivite ke timoun lan renmen fè oswa chwa pitit ou a oswa rekonpans li. Ide a se montre pitit ou a aktivite oswa bagay li renmen fè a disponib apre li fin fè travay/aktivite li ka pa vle fè a.


First



Then



Kòman mwen ka kreye youn lakay mwen?



Yo ka prezante yon avan/apre atravè mo oswa foto, nan l-pad, yon tablo/dry erase oswa menm yon mòso papye:



Kòman mwen ka anseye sa a?

- Desine yon foto ak/oswa ekri yon mo ki reprezante aktivite “avan” ak “apre” a. Plase tablo a devan pitit ou a epi di “avan _____, apre _____”. Li ka itil pou pwente foto/mo yo lè w ap di yo a.
- Lè devwa “avan” an fini, pwente tablo a ankò epi di “tout bagay fini_____, kounye a _____!” Li ka itil pou di sa a avèk anpil kè kontan ke pitit ou a fenk fin fè yon devwa! Ou ka senbolize tou fen aktivite an nan vire foto a, mete yon mak tchèk oswa efase aktivite a.

Kèk konsèy itil:





- Li ka itil pou entwodui tablo avan/apre a pou travay pitit ou a renmen epi ka fè avèk siksè kòm Avan: Manje manje midi - Apre: Jwe avèk blòk yo. Sa pral ede pitit ou a pou konprann konsèp Avan-Apre a ak sekans evènman.
- Yo itilize pi byen tablo avan-apre a yon fason pou prepare timoun lan, an kèk mo, entwodui tablo a avan w prezante aktivite timoun lan pa renmen fè an Senbolize fen aktivite an nan vire foto a, mete yon mak tchèk oswa efase aktivite a.
- Si pitit ou a gen difikilte pou suiv orè a oswa pa vle kòmanse aktivite an, refere w ak tablo a. Pwente tablo a epi di “avan_____, apre_____”. Itilize enstriksyon senp ak konsantre atansyon w sou tablo a (olye sou konpòtman yo).
- Sonje pou pran yon respirasyon pwofon ak pran tan pou ou! Se yon tan difisil epi ou ap fè tout sa w kapab!

Orè aktivite vizyèl

Itilize: Yon orè aktivite vizyèl se yon reprezantasyon grafik yon seri aktivite oswa evènman. Orè vizyèl yo ka ede bati estrikti ak woutin, fè tranzisyon pi previzib ak ka ede ogmante endepandans.

Kisa yon Orè aktivite vizyèl ye?

Yon orè aktivite vizyèl se yon seri foto oswa desen pou òdone sekans aktivite oswa evènman nan jounen yon timoun. Yon orè aktivite vizyèl ap ede kreye estrikti, fasilite tranzisyon ant aktivite ak soulaje anksyete jan pitit ou a pral konnen sa pou fè apre.



Kòman mwen ka kreye youn lakay mwen?

Ou ka prezante yon orè aktivite vizyèl avèk yon iPad oswa konpitè, tablo dry erase oswa plim ak papyè. Apre rasanbleman materyèl, decide fason pou separe aktivite yo ak manyè kote ou pral senbolize chak aktivite. Paegzanp, pou debitan li ka pi bon pou itilize yon foto, ilustrasyon oswa objè reyèl. Pou lòt, senp imaj baton ak desen liy ta dwe sifi.



Kòman mwen ka anseye sa a?

- Lè w vle anseye oswa revize orè ou ka di “Ann tcheke orè nou. An premye nou gen _____, ansuit _____, apre _____ ak finalman _____”. Li itil pou pwente chak bagay pandan w ap di yo a wot vwa.
- Pou anpil timoun, li itil pou fè yo patisipe nan kreye orè a. Bay pitit ou a yon chwa aktivite oswa lòd kèk aktivite pral ede ogmante motivasyon ak patisipasyon nan orè a.
- Li ka bon pou decide avèk pitit ou a fòm kote w pral mete li fini fè aktivite a. Ou ka fè sa a nan plase yon mak tchèk nan aktivite a, efase li, oswa vire foto yo. Lè w fin fè aktivite sa yo, ou ka di “Bon travay _____! Tout bagay fini _____, kounye a li lè pou _____.”

Kèk konsèy itil:

- Kenbe orè a nan yon kote vizib tou pre pitit ou a depreferans.
- Enplike pitit ou nan kontwole orè li nan fè li pwente foto yo oswa di pwochen aktivite an.
- Kèk fwa bagay yo chanje! Asire w pou fè pitit pi a patisipe nan nenpòt chanjman nan orè a pou pèmèt li rearanje aktivite yo.
- Felisite pitit ou a pou orè a epi ofri li ranfòsman poutèt li fè tout sa ki nan orè a.